

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Sastra mangrupa warisan kabudayaan anu raket patalina jeung kahirupan manusa. Sastra mangrupa hiji pangajaran anu kudu ditepikeun ka siswa, sabab sastra mangrupa hiji karya seni anu mibanda kaéndahan. Ku kituna pikeun siswa nu hirup di lingkungan atikan dipiharep bisa nimbulkeun pangaresep siswa kana hiji karya anu loba mangpaatna pikeun manusa. Sastra boga peran nu penting pikeun hiji pangajaran. Hal ieu luyu jeung pamadegan Aminudin (1987:37) nya éta: *“sastra merupakan bagian dari seni yang berusaha menampilkan nilai-nilai keindahan yang bersifat aktual dan imajinatif sehingga mampu memberikan hiburan dan kepuasan rohaniah pembacanya.*

Ku cara ngawanohkeun pangajaran sastra di sakola, dipiharep méré kasempetan ka siswa sangkan boga pangaweruh jeung rasa cinta kana karya sastra, sangkan hiji karya sastra bisa dipiara jeung dimumulé nepi ka kabudayaan nu geus dipimilik tuluy nanjeur.

Sastra mangrupa pangaweruh ngeunaan kahirupan manusa anu ngagambarkeun jeung ngajénan kana sagala kajadian dina kahirupan manusa. Ku cara siswa diajar sastra, dipiharep bisa ngalatih siswa ngaaprésiasi hiji karya, sangkan boga pangalaman kana hiji hasil karya sastra. Hal ieu luyu jeung pamadegan Ajip Rosidi (1973 – 66): “Atikan aprésiasi sastra nya éta pangajaran pikeun ngadidik siswa sangkan miboga karesep, ngahargaan, rasa cinta, jeung boga sikep nu hadé kana karya sastra”

Lian ti ngalatih siswa sangkan boga pangalaman maca jeung ngaapprésiasi karya sastra, ayana pangajaran sastra di sakola ogé dipiharep sangkan siswa mampuh neuleumam ajén inajén anu nyangkaruk dina éta karya sastra, jeung bisa leuwih ngahargaan kana kabudayaan anu geus diwariskeun ku karuhunna. Sabab dina karya sastra loba pisan kaéndahan.

Pupuh mangrupa salah sahiji wangun karya sastra. Dina pupuh aya kaéndahan pikeun anu maham kana eusina. Ku kituna pupuh ogé penting dijadikeun bahan pangajaran di sakola.

Pupuh mangrupa hiji pangajaran anu pasti aya di unggal tingkatan sakola. Hal ieu bisa dibuktikeun dina unggal buku pangajaran basa sunda di unggal tingkatan, luyu jeung pemeredih KTSP. Pupuh mangrupa salah sahiji pangajaran sastra anu wangunna kauger, eusina ngagambarkeun sababaraha aspék kahirupan. Téks pupuh aya nu mangrupa hiburan, aya ogé nu mangrupa papatah pikeun nu macana. Di antara wangun karya sastra, pupuh mangrupa wangun sastra anu dipikaresep dina ngaapprésiasikeunna sabab pupuh dibacana bari ditembangkeun.

Nembangkeun pupuh kudu luyu jeung patokanana, sabab pupuh mangrupa karya sastra anu kauger ku guru lagu jeung guru wilangan. Ku sabab kauger, jadi nembangkeun pupuh mah teu sambarangan, teu kawas nu séjén sabab geus tangtu patokanana.

Dina hal nepikeun pangajaran pupuh, muncul masalah-masalah, boh dina nembangkeun boh dina ngaapprésiasikeunana. Dina hal ieu, guru boga peran penting dina cara nepikeun pangajaranana. Di sakola, guru boga cara séwang-séwangan tina cara nepikeunana. Biasana, béda guru béda ogé nu diajarkeunana.

Komo deui pupuh, lagam nu diajarkeun ka siswa biasana rupa-rupa. Jadi aya masalah tina cara nepikeun pangajaran pupuh, anu antukna siswa bingung kana lagam nu geus dipiboga, sabab guru nu ngajarkeunana béda deui.

Pikeun ngahontal tujuan pangajaran sastra, guru boga peran anu penting kana hasil henteuna pangajaran di sakola. Guru kudu néangan tarékah pikeun milih modél pangajaran nu bisa mantuan dina ngahontal tujuan nu geus ditangtukeun. Kaparigelan guru dina nepikeun pangajaran kacida perluna, sabab guru nu bakal ngokolakeun bahan pangajaran di kelas, jeung guru ogé anu nangtukeun hasil henteuna hiji pangajaran nu baris diajarkeun.

Dumasar kana kasang tukang, ku kituna perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan cara nepikeun pangajaran sastra utamana pupuh, anu hasilna dipiharep sangkan ngagampilkeun siswa dina nyangkem atawa ngaapresiasina.

Maké média dina prosés diajar-ngajar, mangrupa tarékah pikeun néangan kaéktifan tina prosés diajar jeung ngajar, hususna diajar sastra anu mangrupa pupuh. Dipiharep dina pangajaran anu maké média aya parobahan anu hadé, boh dina prosés ngajar boh dina prosés diajarna. Lamun geus aya kacindekan tina hasilna satuluyna bakal bisa ditangtukeun pangajaran nu kumaha nu kudu dibikeun ka siswa.

Média pangajaran téh rupa-rupa, aya média *audio*, *visual*, jeung *audio-visual*. Salah sahiji média nu dianggap éféktif dina pangajaran apresiasi pupuh nya éta média audio anu mangrupa kasét. Upama pangajaran maca maké média kasét leuwih ngagampilkeun siswa kana diajar pupuh, tangtuna ieu pangajaran bisa dijadikeun conto pikeun bahan pangajaran. Maké média kasét pikeun pangajaran

maca, mangrupa tarékah pikeun mikanyaho kaéféktifan média kasét pikeun pangajaran maca pupuh di sakola. Hasilna leuwih hadé atawa henteu.

Aya sababaraha hal nu perlu dijadikeun dasar perluna panalungtikan: 1) Teu kabéh siswa boga tarap aprésiasi nu sarua, 2) ngapalkeun wirahma leuwih hésé batan guru lagu jeung guru wilanganana, 3) sanggeus apal kana hasilna bisa dijadikeun pangajaran nu dipilih di sakola sangkan nggampilkeun siswa dina ngaaprésiasikeun pupuh.

Dumasar kana hal-hal anu geus dipedar di luhur, perlu diayakeun panalungtikan dina wangun skripsi, anu judulna: "Éféktivitas Média Kasét pikeun Pangajaran Maca Puisi/Pupuh (Studi Éksperimén ka Siswa Kelas X SMK PENIDA 2 Katapang Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2007/2008)"

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung judul panalungtikan, nya éta Éféktivitas Média Kasét pikeun Pangajaran Maca Puisi/Pupuh (Studi Éksperimén ka Siswa Kelas X SMK PENIDA 2 Katapang Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2007/2008), nu dipedar nya éta: (1) kamampuh siswa dina ngaaprésiasi pupuh maké média kasét, (2) prosés pangajaran aprésiasi pupuh ngagunakeun média kasét, jeung (3) éféktifitas média kasét dina ningkatkeun kamampuh ngaaprésiasi pupuh.



→ The G.
1 1 5

1.2.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang masalah sarta watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap:

- 1) Kumaha prosés diajar-ngajar maca puisi/pupuh ngagunakeun média kasét jeung henteu ngagunakeun média kasét?
- 2) Kumaha kamampuh maca puisi/pupuh siswa kelas X SMK PENIDA 2 Katapang nu ngagunakeun média kasét jeung henteu?
- 3) Éféktif henteu média kasét dina ningkatkeun kamampuh maca puisi/pupuh siswa kelas X SMK PENIDA 2 Katapang?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta ngukur éféktifitas média kasét dina ningkatkeun pangajaran siswa dina maca puisi/pupuh.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung masalah nu baris ditalungtik, ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Prosés diajar-ngajar aprésiasi pupuh ngagunakeun média kasét jeung henteu ngagunakeun média kasét;
- 2) Kamampuh maca puisi/pupuh siswa kelas X SMK PENIDA 2 Katapang nu ngagunakeun média kasét jeung henteu;
- 3) Éféktif henteuna média kasét dina ningkatkeun kamampuh maca puisi/pupuh siswa kelas X SMK PENIDA 2 Katapang.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Aya sabaraha mangpaat tina ieu panalungtikan nya éta :

1.4.1 Mangpaat Téoritis

- 1) Nambahan pangaweruh ngeunaan éféktivitas média kasét dina pangajaran maca puisi/pupuh;
- 2) Méré informasi ka panalungtik séjén ngeunaan pangajaran pupuh maké média kasét;
- 3) Ngaronjatkeun kualitas diajar maca puisi/pupuh maké média kasét.

1.4.2 Mangpaat Praktis

a) Mangpaat pikeun Siswa

- 1) Ningkatkeun kamampuh siswa dina maca puisi/pupuh;
- 2) Ngaronjatkeun motivasi diajar siswa ngagunakeun média;
- 3) Ngababarikeun siswa kana pangajaran khususna pangajaran maca puisi/pupuh.

b) Mangpaat pikeun Guru

- 1) Méré informasi ka guru ngeunaan pangajaran ngagunakeun média kasét;
- 2) Méré kontribusi ka guru pangajaran nu leuwih épéktif;
- 3) Bisa mikanyaho kamampuh maca puisi/pupuh kelas X SMK PENIDA
2 Katapang.

1.5 Anggapan Dasar jeung Hipotésis

1.5.1 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Média mangrupa alat nu bisa mantuan dina hiji pangajaran jeung mangrupa fasilitas nu disadiakeun di sakola sangkan ngaéféktifkeun prosés diajar. Ku kituna média penting pisan pikeun ngamotivasi siswa sangkan resep kana diajar hususna pangajaran maca pupuh,
- 2) Sastra mangrupa hiji karya nu mibanda kaéndahan, ku kituna penting pisan pikeun bahan pangajaran. Pupuh mangrupa salah sahiji pangajaran sastra nu aya dina pangajaran basa Sunda, pangajaran pupuh di sakola bisa ngeuyeuban pangaweruh siswa ngeunaan sastra,
- 3) Pangaweruh jeung pangalaman pangajaran nu hadé bisa dipimilik sangkan bisa nantukeun kualitas pangajaran.

1.5.2 Hipotésis

Hasil diajar maca puisi/pupuh leuwih hadé maké média audio anu mangrupa kasét atawa henteu maké média. Sangkan ngagampilkeun siswa kana diajar jeung ngaaprésiasikeun pupuh sangkan éta pupuh dipikaharti jeung katepikeun kalayan hadé.

1.6. Wangenan operasional

Sangkan babari dina nafsirkeun, perlu dipidangkeun wangenan istilah-istilah nu kauger digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta:

- a) “Efektif dapat berarti 1) ada efeknya (akibatnya, pengaruhnya, kesannya); 2) manjur atau mujarab (tentang obat); 3) dapat membawa hasil; berhasil guna (tentang usaha, tindakan) dan 4) mulai berlaku (tentang undang-undang, peraturan)”. (Poerwadarminta, 1992 : 266).

Dumasar kana éta katerangan, éféktifitas dina ieu panalungtikan nya éta patalina jeung hasil diajar siswa dina pangajaran maca puisi/pupuh anu ngagunakeun média audio anu mangrupa kasét.

- b) “Media audio merupakan salah satu media pengajaran yang berhubungan dengan proses mendengar dimana pesan yang akan di sampaikan diwujudkan dalam bentuk lambing auditif, secara verbal atau non verbal”. (Budi Rahayu Tamsyah, 1996 : 68).

Nilik kana éta pamadegan média audio anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa kasét dina *tape-recorder*.

- c) “Pupuh mangrupa salah sahiji anu kauger ku guru lagu, guru wilangan, jeung jumlah padalisan dina unggal padana. Anu dimaksud guru lagunya éta sora (vokal) dina engang panungtung unggal padalisan. Ari guru wilangan nya éta jumlah réana engang dina padalisan”. (Tamsyah, 1996 : 68). Dumasar kana éta pamadegan pupuh nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pupuh Maskumambang.

1.7 Langkah-langkah panalungtikan

1.7.1 Langkah Tatahar

- a) Néangan katerangan ngeunaan masalah nu rék dijieun panalungtikan;
- b) Nyieun sarta nyusun rarancang panalungtikan;
- c) Ngasongkeun usulan panalungtikan;

- d) Konsultasi jeung dosén pangaping.

1.7.2 Tahap Ngumpulkeun Data

- a) Tehnik panalungtikan nya éta téhnik tés

Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh maca puisi/pupuh.

- b) Tehnik Obsérvasi

Obsérvasi digunakeun pikeun mikanyaho prosés diajar maca puisi/pupuh nu ngagunakeun média kasét jeung henteu.

1.7.3 Tahap Ngolah Data

- a) Nganalisis data hasil panalungtikan;
- b) Ngabandingkeun hasil panalungtikan;
- c) Nyusun kacindekan.

1.7.4 Tahap Nyusun Laporan

Nyusun laporan mangrupa tahap pamungkas. Sanggeus data diolah tuluy dijeun laporan anu mangrupa skripsi, anu luyu jeung aturan-aturan anu geus ditangtukeun.

